Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!


ВЕСТНИК

# Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 50 (9844) 23 декабрь 2019 с. / Итни 27 Рабиг1уль-ахир 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru


## Бах1арзазул ц1арал к1очене гъеч1о




Дагьал церег1ан къояз районалъул культураялъул Централда г1уц1ун бук1ана Россиялъул бах1арзал: Арзулум Ильясов, Юрий Салимханов ва Мух1амадказим Гъайирханов рак1алде щвезаріялъул х1урматалда рохалилаб данделъи.

Гьенире г1ахьаллъана - районалъул бет1ерасул заместителал: И.И. Шабазов, И.Б. Салимханов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. Гъирисханов, ОМВДялъул уголовнияб розыскалъул начальник Рашид Асадулаев, рагъулгун зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби М-х1абибов, цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби ва бах1арзазул г1агарлъи.

Гьенир бах1арзазул г1умрудул бицун к1алъазе рахъана -И. Салимханов, И.Шабазов, Гъ.Гъирисханова, Р.Асадулаева, Х.М-х1абибова, Н.Зияродинова.

Гьединго, гьенир рихьизаруна видеороликалги. Бах1арзазул х1акъалъулъ куч1дул гьенир ах1ана - Руслан ва Лайла Имамирзаеваз, Мухтар Х1айбулаевас, Гуни ва Хубар росабазул культураялъул х1алт1ухъаби: Б. Адуевалъ ва М. Г1абдусаламовалъ, Калининаул росдал школалъул ц1алдохъабаз.




Васас рагъдаса эбелалъухъе бач1араб кагътатида хурхараб сценка бихьизабуна Гъозтала росдал культураялъул Рукъалъул директор М. Пашаевалъ ва ц1алдохъан Муса Хасаевас. Дилим росдал №1 «Маргъа» лъималазул ахалъул гьит1инчазул церерахъиналъги данделъиялъул г1ахьалчаг1и х1айран гьарулел рук1ана.

Гьенир, райадминистрациялъул рахъалдасан, г1арцулал шапакъатаздалъун к1одо гьаруна бах1арзазул цебесеб г1агарлъиялъул чаг1и.

**Х1. КАРИМОВА.**

## Ветеранал-афгъанцалгун дандч1вай



Дагьал церег1ан къояз Ленинаул росдал № 2 гьоркьохъеб школалда т1обит1ана, **«Афгъанистан-рак1алде щвей ва унти»** абураб ц1аралда гъоркь ва Советиял аскарал Афгъанистаналде лъугьаралдаса 40 сон т1убаялда хурхараб, данделъи. Школалъул директорасул (тарбия кьеялъул рахъалъ) заместитель П. Джамаевалъул ва Т1олгороссиялъул **«Афгъанистаналъул ветераназул цолъи»** жамг1ияб г1уц1иялъул районалда бугеб отделениялъул председатель Г1. Г1абдуразакъовасул х1аракатчилъиялда т1обит1араб гьеб данделъиялда г1ахьаллъана-районалъул бет1ерасул заместитель И.Б. Салимханов, В.В. Макаровалъул ц1аралда бугеб музеялъул директор Дженет Сагитова, афгъанцазул координационнияб Советалъул председателасул заместитель М. Г1арипов, Дагъистаналъул шагьараздасагун районаздаса ветеранал-афгъанцал, муг1алимзаби, ц1алдохъаби ва гьалбал.



Данделъиялъул г1ахьалчаг1азе, районалъул бет1ерасул рахъалдасан, салам кьеялъул раг1абигун к1алъазе вахъана И.Б. Салимханов.

Ветеранал-афгъанцаз данделъаразе гьениб бицана рагьда рук1арал лъугьа-бахъиназул ва рихьизаруна т1адехун рехсараб музеялдаса цо-цо экспонатал.

Тадбиралъул г1ахьалчаг1азе ц1алдохъабаз ах1ана куч1дул ва рихьизаруна бат1и-бат1ият театралиял сценкаби.

**И. ИДРИСОВ.**


Инсан ва г1умру

*Кигіан захімат букіаниги*

Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

Архивалласа

*Ичкіаялдаса пачаясул полковник*

Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

Юристасул малъи

*Суал-жаваб*

Ц1ализе бегьула - 6 гьум.


Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Она была настоящей



До революции 1917 года женщины Дагестана не могли принимать участие в общественной жизни, их права были весьма ограничены. С приходом Советской власти, очень многое изменилось в жизни горянок. Повсеместно были созданы ликбезы, школы и т. д., где горянки могли стать грамотными, учиться дальше и, наравне с мужчинами, участвовать в жизни общества. Они поступали в средние, высшие учебные заведения и становились специалистами. Из года в год количество женщин, работающих в различных сферах жизнедеятельности становилось все больше и больше. В настоящее время в образовательных, медицинских и других учреждениях их подавляющее большинство. Наши женщины стали учеными, политиками, выдающимися спортсменами и т. д., т.е. они прочно вошли в те области нашей жизнедеятельности, о которых раньше и не могли мечтать. Среди тех женщин, которые вошли в историю страны и республики, есть женщины и из нашего района. Об одной из них я и хочу рассказать. Речь будет идти о Хаписат Магомедовне Гамзатовой. Трудно говорить о прекрасном человеке в прошедшем времени, но такова жизнь.

Хаписат Магомедовну я знал с 1981 года, с того дня, как она была избрана первым секретарем Казбековского районного комитета КПСС. В те годы я работал главным экономистом Управления сельского хозяйства и мне часто приходилось встречаться с ней. Как руководителя её отличали-умение вести диалог и убеждать, уравновешенность, деловитость, исполнительность. Я никогда не видел её раздраженной и разговаривающей на повышенных тонах, хотя повод для этого было в достаточном количестве. Ей были присущи все те качества, что я смело могу утверждать: она была настоящей.

Так как наш район являлся сельскохозяйственным, она старалась ввести здесь все то передовое, что могло улучшить жизнь людей. При ней в колхозах, совхозах был введен колективный подряд, при котором оплата труда работника зависела от количества и качества произведенной продукции. Также были созданы механизированные бригады или отряды. Наш район был в первых рядах по внедрению новшеств.

В мае 1982 года вышло Постановление ЦК КПСС и Совета министров СССР о переводе специалистов из вышестоящих организаций в колхозы и совхозы. Это делалось для того, чтобы поднять их экономику, т.е. внедрялся в жизнь лозунг **«Кадры решают все»**.

Так я попал в колхоз **«Победа»** родного села. Благодаря неустанному труду Хаписат Магомедовны, по многим показателям район вышел в передовые. Конечно, её труд не остался незамеченным. 1984 году она стала заместителем Председателя Правительства республики, а в 1992 году была назначена Министром информации и печати РД.

Хаписат Магомедовна избиралась депутатом Хасавюртовского городского , Казбековского районного собраний народных депутатов, депутатом Верховного Совета ДАССР и Государственной Думы.

На какую бы должность её не назначали, Х.М.Гамзатова прежде всего думала о людях, делала всё, чтобы улучшить их жизнь. Истинная горянка, она никогда не отходила от своих принципов, была преданна лучшим обычаям и традициям своего народа. Прекрасная мать, добрейшей души человек Х.М.Гамзатова надолго останется в сердцах тех, кто с ней встречался.

*Гиримсолтан ГИРИМОВ, с. Калининаул.*

## Т1адег1анал шапакъатал

**Реццалъул орден**

Дагъистан Республикаялъул динияб идараялъ 25 сон ва гьеб идараялъе нухмалъулев шейх Ах1мадх1ажи Г1абдулаевасул (къ.с.) г1умруялъул 60 сон т1убаялъул х1урматалда, Т1олгороссиялъул Патриарх Кириллица, жиндирго Указалдалъун, Ах1мадх1ажи к1одо гьавуна **«Реццалъул ва къадру-къиматалъул»** орденалдалъун.

**Мэрасул заместитель**

Дагъистаналъул бет1ерасул ва х1укуматалъул администрациялъул правовияб Управлениялъул начальниклъун х1алт1улев вук1арав нилъер районалъул Гертма росулъа Маликов Мавлидин Мух1амадбегович т1амуна Мах1ачхъала шагьаралъул мэрасул т1оцевесев заместительлъун.

**Генерал-майорасул чин**

Гьал къояз Россиялъул, ц1ехрех гьабиялъул Комитетталъул отделалъул начальниклъун х1алт1улев вугев нилъер районалъул Буртунай росулъа Уладиев Улади Сулаймановичасе, Россиялъул Президент В.В. Путинил Указалда рекъон, кьуна юстициялъул генерал-майорасул чин.

*Инсан ва гIумру*

# КигIан захIмат букIаниги...



Гьалъул гIумру букIана гIадамазе хъулухъ гьабиялда бухьараб, лъикIал, берцинал гIадатазде гьел цIалеб. Жиндирго гIумруялъул дарсалги цIалулаго, башдаб гIасруялде гIагарарал сонал кьуна гьелъ культураялъул хIалтIуе. Бажарана къисматалъул сог1ал сухъмахъазда дандчIварал захIмалъаби къезаризе. ХIалтIулъ ратана гьелда къисматалъ жинхъа рахъарал рохел ва пашманлъи кIоченабулел гIадамал.

Нилъеда лъала культураялъул Рукъалъул нуцIби кидаго рагьун рукIунеллъи. Сценаялда пардавал гIадин, гIадамазе ракI рагьулей Самидатил гIемерал ракIалдещвеялги лъугьа - бахъиналги гьенир хутIана. Гьанже мустахIикъаб хIалхьиялда йигей эбелалъул ирсги босун, Калининаул росдал культураялъул Рукъалъе нухмалъи гьабулей йиго гьелъул яс ПатIибика.

**Самидат МухIамадовна Саладиханова** гьаюна I945 соналъ Алмахъ росулъ. I965 соналъ къисматалъ гьей ячана Калининаул росулъе. Гьениб Самидатица лъугIизабуна къасисеб школалъул 9 класс ва гьей лъугьана культурияб лъай кьеялъул училищеялде. Гьелдаса хадуй, къокъаб заманалъ,Самидат хIалтIана росдал медпунктолда санитаркалъун. I972 соналъ гьей хIалтIизе лъугьана культураялъул Рукъалъул методистлъун,хадусан-художественнияй нухмалъулейлъун.

I995 сопалдаса,20I6 соналъ хIалхьиялде инегIан, Самидат хIалтIана культураялъул Рукъалъул директорлъун. Дида С. Саладиханова цеего лъалаан. Цо-цо чи вукIуна, вихьаравго, ракIалъ восулев. Гьединазул цояйлъун йикIана дие Самидатги. Гьимун гурони кIалъаларей, хIеренаб, гIодобе биччараб каламалъул гьелъухъ, чIалгIен гьечIого гIенеккизе бокьулаан.

Гьелъ бицана: **«Дол рукIана рагъ лъугIун хадусел сонал.Доб заманалъ гьарурал лъималазул лъимерлъи букIинч1ин абизе бегьула. ГIорцIизегIан квен щолареб, ретIине ретIел гьечIеб заман лъикIаб букIунищ? Гьедин бугониги, гIадамаз цоцазе цIакъ кумек гьабулаан,гьел яхI-намус цIунун хьвадулаан. Алмахъалда гIуниги,къисматалъ дун ячана Калининаулалде.**

**Дица гIумру бухьинабуна АтавхIажи Саладихановасулгун. Нижее бижана 7 лъимер(5 вас ва кIиго яс). Доб заманалда нижер гIезегIанго гIадамал, яшав лъикIлъи мурадалда, Дагъистан тун къватIирехун хIалтIизе унаан. Гьедин, АтавхIажи ккана Калмыкиялде. Гьев гьенив гIияда вукIана.**

**I986 соналъ, битIахъе лъималазе хIажатаб заманалда нагагьаб балагьалъул хIасилалда,гьев гIумруялдаса ватIалъана. ЦIакъ лъикIав чи вукIана мунагьал чурад.**

**Бихьизе бугеб нахъа букIун буго.**

**Лъималазде тIаде дица хьихьун рукIана сакъатай яц ва гьелъул яс. ХIукуматалъул хIалтIиги яшавги цадахъ бачине,гьай-гьай,цIакъ захIмат букIана. Лъималаз,яцалъ,чIахIияз гIисиназул тIалаб гьабиялъ дие гIезегIанго бигьалъи ккола ан.**

**Доб заманалда культураялъул хIалтIухъаби гIухьбузухъе магIарде,гъутабазде ва цогидал бакIазде-концерталгун, театралиял сценкабигун гIемер ине ккола ан.**

**Яшав гьабизе захIматаб букIаниги ,гьеб букIана аваданаб заман. Кин букIун батаниги, дица лъимал гIумрудул нухда тIоритIана. Гьезул буго хIалтIи ва жидерго магIишатал.**

**Гьаб заман, рецц Аллагьасе,квешаб гьечIо. Квинеги ретIизеги бокьа-бокьараб буго,амма гIадамазул цоцаздехунисеб бербалагьи,цоцазул рахъ кквей, яхI-намус цIуни чучлъун руго. Заманалдасан, щиб лъалеб,кинабго лъикIаб рахъалдехун хисизе бегьула, Аллагьасул рахIмуцIобалъе гIорхъи букIунаро»**,-ян.

Самидатихъ гIенеккараб заманалда,гьелъул гьаракь хисиялъ,гьурмаде рехулел пашманлъиялъулал рукIкIалабаз бицунеб букIана гьелда гIемераб гIакъуба-къварилъи бихьун букIин, амма гьезие гьей къуркьичIеблъи.

РакIбацIцIад, бажарун, 40-ялдаса цIикIкIарал соназ, Самидатица хIалтIи гьабураблъиялъул нугIзаллъун ккола - культураялъул Министерствоялъул, районалъул администрациялъулгун культураялъул отделалъул ХIурматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал ва гIарцулал шапакъатал.

**ХI. КАРИМОВА.**

Лъималазе гъумер

# Жайран



## Ч1ух1араб г1унк1к1

Гьабихъ г1унк1к1 кетоги гьеч1ого, х1инкъиги гьеч1ого, ц1акъ аваданго, рак1 к1одого, ццулъ-ун, ч1ух1ун бук1ун буго. Васасе лъади бищунго бергьараб жоялъул гурони ячинаро абун гьедун буго гьеб. Гьелъ пикру гьабун буго бакъалдаса бергьараб жо гьеч1о абун.



Бакъухъеги ун, г1онк1к1оца жиндирго мурад бицун буго. Бакъуца абун буго, дидаса нак1к1 бергьараб буго, гьелъ дун, цебеги ч1ун, къват1ибе баккизе биччалароян. Ун буго нак1к1ухъе. Нак1к1уца абун буго , дидаса гьури бергьуна. Гьороца добе хъамун, гьанибе хъамун, бокьаралъуб ч1езе толаро дунилан. Ун буго гьорохъе. Гьороца абун буго, дидаса мег1ер бергьунаян. Гьеб цебе ккани, дие бокьаралъубе ине нух щолароян. Гьанже ун буго мег1ералъухъе. Гьелъги абун буго дидаса г1унк1к1 бергьуна, гьелъ гъоркьан борлъун, т1асан борлъун, ахалъи борлъун, бет1ер борлъун, х1алхьи биччаларого дун унтун бугин. Гьелъие гьабизе к1олеб жо гьеч1о, малъ къосун, буго дун.

Бохуцаги холаго, бищун бергьараб жо г1унк1к1 бук1ун буго янги абун, г1онк1к1ол ясги ячун, бертин гьабун буго

## Бац1ги циги багъанила цараца би ч1ик1анила

Ракьиялъ х1алги гьабун, гьабизе жоги т1аг1ун, сверсвердилеб бук1анила бац1. Гьелъул талихlалъ цо гох1ил ракьанда бихьанила чанидег1ен. Т1ад реч1ч1ун бац1ица чанидег1ен, ражи г1адаб жо гьабун, ч1ван реханила. Гьеб квине х1адурлъулаго, танкан бац1ида т1аде бач1анила бакъараб ци. Бац1ие гьеб ц1акъ рек1ее г1еч1ила. Цица абунила к1иязго квине кколин гьанилан. Бац1 гьелда разилъич1ила, жинца ч1ванин дег1ен, жинца квинеги кколин абун. Гьедин даг1бадилел гьел рук1аго, г1емер сверсвердилеб бук1араб царада гьезул къец раг1анила. Цер гох1да нахъа бахчун ч1анила. Даг1баги т1убач1ого, бац1ги циги рагъизе кканила. Гьел цоцалъ хурханила. Рагъулаго гьел цо к1к1алахъе гирун анила. Гох1да нахъасанги бач1ун, цараца цин гьан кванила, хадуб биги ч1ик1анила. Гьеб лъуг1ун хадуб к1к1алахъан рекъдилаго бац1ги хадуб циги ругила рач1инел. Гох1деги бахун цараца ах1анила:

- Бац1ги циги багъана, цараца би ч1ик1ана,-ян.

Гьединги абун, цараца бихьулеб мухъ танила, хадур ралагьун бац1ги циги хут1анила.

## Бицанк1аби

Ихдалил моц1алъ х1алт1ун,
Мат1у г1адин кенч1олеб,
Хут1араб мехалъ кьижун,
Кьавуги ч1ван бук1унеб.

• • • • • • • • • • • • •

Х1урулъ чвердон черх бац1ц1унел,
Чабах кванан квен бигьунел;
Кодор т1ирун т1илал кквездал,
Т1аг1амалда макъу щолел.

• • • • • • • • • • • • •

Дунялалъул кьерал лъазе,
Кьурулъ ч1арал ч1енкераби,
Кьижулелъул т1алъел къалел,
Т1ину гьеч1ел гьит1ин х1орал.

• • • • • • • • • • • • •

К1ул кьурун, ц1орораб рак1,
Ц1аги бакун, боркьулеб,
Бокьаралъуй бачине,
Чол бак1алда х1алт1улеб,

Х1ат1ал гьорол ц1еч1ого,
Гьирихъ жиб билълъунареб,
Бачунев чи кьижани,
Кьурса гъоркье к1анц1улеб.

• • • • • • • • • • • • •

К1ут1би рагьун гьак1к1ач1ого,
Бакъан биччан, рак1 чучулеб,
Лъеда гъоркьги гьира-ц1агун
Ц1акъ кепалда кеч1 ах1улеб.

• • • • • • • • • • • • •

Хасалил ццидал гьалай,
Гьапуллъараб лъел квасквас,
Гьут1бузул хъах1аб юргъан,
Хъатикь чапулеб чакар.

• • • • • • • • • • • • •

Катил бет1ер т1ад лъураб,
Т1ом х1улиялъ бахчараб,
Бакъалда жиб беццлъулеб,
Бец1аб сардил чанахъан;

## Къокъал жарбал

### Г1адалав гьудуласдаса тушман лъик1ав

Циги чиги цоцазе ц1акъ рокьулел рук1ун руго. Цица чи сундасанго ц1унулев вук1ун вуго. Гьесда ask1обе гьелъ рухlч1агояб жо къазе биччалеб бук1ун гьеч1о.

Цо нухалда чи кьижун вуго, ци, жиндирго г1адаталда, хъаравуллъуда бук1ун буго. Т1ут1 рещт1ун буго чиясул надалда. Ццин бахъараб цица кьабураб хъаталъ т1ут1ги ч1ван буго, чиги ч1ван вуго.

### Г1ажал лъала ганч1ида

Маг1арулазул г1адат буго, жал мурадалде щолищали бихьизе, «бичч- бакъ» рехулеб.

Алмасил Мух1умицаги рехун буго **«бичч-бакъ»,** амма, чанц1ул реха- ниги, гьесул анищалда рекъон, ккун гьеч1о эхеде рехараб гамач1. Цинги Алмасилас гамач1, гьадал раг1абиги абун, хьуризабун буго.

### Г1елмуялъул бет1ер-г1акълу, г1акълуялъул бет1ер-сабру

Цо г1олилав ун вук1аравила рик1к1адаб улкаялде ц1ализе. Ц1алун вач1унаго, щваравила цо херав чиясда ask1ове. Гьикъарабила херав чияс:

- Г1елму щварабищ дуе, гьудул?
- Щвана, ц1алун вахъана.
- Г1елмуялъул бет1ер щибха?
- Лъаларо.
- Лъалареб батани, — ян абун буго херас, — мун дагьавги ц1ализе ккола.

Нахъвуссун вуго. Гьанжеса жиндирго устарасдасан гьасда лъан буго г1елмуялъул бет1ер щибали.

Г1олилав гьанжеги вач1ун вуго к1удияв чиясухъе.

- Щиб ккараб? Лъарабищ г1елмуялъул бет1ер щибали? — ян гьикъун буго к1удияв чияс.
- Г1елмуялъул бет1ер г1акълу буго, — ян жаваба кьун буго г1олилас.
- Бит1ун буго. Элъулги бет1ер щибха? — ян гьикъун буго херас.
- Лъаларо, — ян жаваб кьун буго нахъойги г1олилас.

К1удияв чияс г1олохъанчи нахъвуссинавун вуго: «**Пелмуялъул бет1ер г1акълу буго, г1акълуялъул бет1ер сабру буго, сабруялъул бет1ер пикру буго**», — ян жаваб кьезег1ан.

## Царал диван

Рохьосан вач1унев вук1ун вуго цо херав чи. Гьесда, нухаб гудраца ккун, цо к1удияв борохь батанила. Борхьица гьесда гьаранила жиб гудракьа биччаян. Херас гьеб биччанила. Гьебсаг1ат борохь гьесул горбода жеманила, бадибеги къулун, ч1валищилан к1алал гьикъанила. Херас гьелда гьаранила, жинца лъикГлъиги гьабидал, жив живго тейилан, амма борхьица толев вук1инч1ила. Гьес гьаранила диван гьабизе цогидаб рух1-ч1аголъи т1аде бач1инег1ан жив ч1аго тейилан. Борохьги гьелда разилъанила. Цо зама- наялдасан гьезде т1аде щванила цер. Херас гьелда абунила, диванчилъунги ч1ун, жидее х1укму къот1ейилан. Ккарабщинаб жоги гьелда бицанила. Уяб бугищан цараца борхьидаги гьикъанила. Бит1араб бугилан абунила борхьицаги. Цараца абунила, жиб божуларин гудраца борохь кквеялда, кин гьеб бук1арабали жинда бихьизе ккелилан. Херасда гудурги гьезабун, гьелъ борохь гьелда т1асан билълъинабунила.

Инеб бук1анила борохь т1асан, гудраца гьеб къах1ан ккунила. Цинги цараца херасда гьикъанила гудур дурищан. Херас гурилан абунила. Гьедин батани, рокъове айилан гьелъ гьев нахъе вит1анила, т1ок1аб чияр ишалъул ургъел гьабугеян гьесдаги абунила. Борхьидаги абунила гудрал бет1ергьанчи вач1араб мехалъ, гьес гьабилин дуе бит1араб тамих1илан. Гьедин борохьги тун, цараца нух босанила.

Гъумер х1адур гьабуна Асият ДИБИРОВАЛЪ.

# Круглый стол «Мы – граждане России»

11 декабря в читальном зале районной библиотеки, в преддверии Дня Конституции РФ, состоялся круглый стол с одноименным названием, в котором приняли участие старшеклассники Дылымского лицея.



В вестибюле и в аудитории была развернута журнально-книжная экспозиция под рубрикой «Конституция-основа государства».

«Человек, его права и свободы являются высшей ценностью. Признание, соблюдение и защита человека и гражданина-обязанность государства. Носителем суверенитета и единственным источником власти в Российской Федерации является ее многонациональный народ…» этими словами ведущий, М.-хабибов начал свой доклад о структуре и разделах самой Конституции и государственной символике страны.

Представители государственных и общественных организаций муниципалитета говорили о различных аспектах жизни наших людей, которые связаны с реализацией тех или иных конституционных прав и свобод граждан.

О том, какова структура органов местного самоуправления как осуществляют свою повседневную работу районная администрация и Собрание депутатов рассказал Абуталиб Абуталибов-гл.специалист отдела ИТ и ПО райадминистрации.



Гасан Зубайриев, юрисконсульт ОМВД призвал лицеистов в дальнейшей своей жизни с симпатией относиться к людям разных национальностей.

«Необходимо в школах прививать у детей такие качества как проявление уважения и терпимости к разным привычкам, вкусам, взглядам, нормам жизни представителей чужих этнокультур, осознание значимости разнообразия культур и их равноценности.

Нужно стремиться к сопереживанию, быть готовыми принимать их позицию, быть восприимчивыми к их нуждам, готовыми прийти к ним на помощь…»,-сказал он.

О работе Федерального Собрания Российской Федерации как 2-х палатного парламента страны поделилась информацией Хадижат Мухудинова, заведующая юридической консультацией по обслуживанию населения с.Дылым.

О принципах и механизмах федеративного устройства нашего государства, на примере 85 составляющих его субъектов, со школьниками поделилась Асият Назаева (нотариус).

Заместитель прокурора района Хангерей Салимов, расшифровывая положения статьи 129 Конституции, призвал старшеклассников быть очень осторожными в выборе друзей и подруг.

«К сожалению, динамика распространения одурманивающих средств у молодежи неутешительная: спайс, сильные энергетики, и всякие шпаки стали популярными в этой среде. Поддерживая обвинения в районном суде, часто вижу, что юноши ломают себе жизнь, клюнув на призыв сомнительных личностей «попробовать один раз» эту гадость. Будьте бдительны»,-сказал Х. Салимов.

О необходимости учиться добросовестно, чтобы в дальнейшем стать достойными гражданами великой страны говорил председатель Общественной палаты района Алтумирзагаджи Адимирзаев

**З. АДИЛМИРЗАЕВА, директор МКУК ЦРБ.**

# Прокуратура сообщает…

Прокуратурой района, совместно с администрацией МР «Казбековский район», в преддверии Международного дня борьбы с коррупцией проведено мероприятие на тему «Вместе против коррупции».

В мероприятии приняли участие работники аппарата и начальники структурных подразделений администрации, руководители муниципальных организаций и учреждений, подведомственных республиканским органам исполнительной власти и федеральным структурам, обслуживающих население района в самых различных социально-экономических сферах.

В ходе заседания обсуждались такие вопросы, как правоприменительные аспекты противодействия коррупции в сфере оказания государственных и муниципальных услуг физическим и юридическим лицам, роль правовой помощи в формировании нетерпимого отношения к коррупционному поведению.

Вопросы, которые обсуждались и вызвали живую дискуссию участников мероприятия: антикоррупционные стандарты поведения государственных и муниципальных служащих и повышение эффективности государственной и муниципальной службы; злоупотребления при расследовании и выявлении преступлений коррупционной направленности; механизмы противодействия коррупции в контрактной системе закупок; основные проблемы борьбы с коррупцией в правоприменительной деятельности; предотвращение и урегулирование конфликта интересов на государственной гражданской и муниципальной службе; пропаганда в СМИ стандартов антикоррупционного поведения граждан; противодействие коррупции при обеспечении единства правового пространства;

По итогам определены меры, способствующие повышению уровня межведомственного взаимодействия и решению имеющихся проблем в деле противодействия коррупции.

Кроме того, прокуратурой района ^организовано распространение материалов путем размещения их в общественных местах и установлением баннера, целью которых является правовое просвещение населения района и борьбы с коррупцией.

# Религия во все времена…

**2007 соналъ, Мама-Дибир аль Рочил ц1аралда бугеб Шималия Кавказалъул Исламияб г1елмуялъул университеталъ къват1ибе биччан буго « История религий», ай «Диназул тарих»-абураб т1ехь С.Н.Султанмух1амадов, «Ихлас»-басмахана. Тираж-1000 экз.**

**Гьелъие лъик1аб къимат кьун буго Россиялъул муфтияталъул г1акълучи, философиял г1елмабазул доктор Г1али Вячеслав Полосиница.**

**Нижеца газеталъул гьаб номералда авторасул раг1аби ц1унун, бахъулеб буго т1ехьалъул цебераг1и, (введение)**

**Рак1алде ккола Ислам бокьулез гьелдасан пайда босилин.**

Религия во все времена была и продолжает оставаться в центре человеческого внимания. А это значит, что знания религии необходимы не только для знакомства с историей человеческой культуры и быта, но и для понимания современной жизни.

Современная наука говорит о том, что Земля — это мельчайшая песчинка в бескрайном космосе, наполненном миллиардами галактик, в каждой есть миллиарды звёзд, более или менее похожие на наше Солнце. Поверхность этой песчинки — Земли покрыта тонким слоем жизни. В нём живут люди и многообразный животный мир. Если время существования человечества уподобить нашим суткам, то вся жизнь отдельного человека на Земле будет гораздо меньше одной секунды. Что же говорить о жизни каждого из нас? «Наша жизнь –одно мгновение», — говорил перед смертью один из великих пророков Нух (Ной) . Неужели это мгновение может иметь какой-то смысл? Кто не спрашивал себя об этом в годы юности или старости?

Люди рождаются, учатся, любят, ненавидят, воюют, трудятся, стремятся к счастью и, в конце концов, умирают.

Большинство из них исчезают совершенно бесследно.... В чем же смысл всего этого, этих жизней, вспыхивающих как искорки и почти тут же гаснущих? На эти и многие аналогичные животрепещущие вопросы люди ищут ответа. А как же жить человеку без них? Жизнь бессмысленная уподобляет человека животному, ибо оно тоже беспокоится о дне насущном и ищет где сочнее трава, беспокоится о продолжении потомства и т.д. Человек, в отличие от животного, всегда пытается осознать смысл своей жизни. Именно то, что человек искренне пытается найти смысл своего бытия и познать в чём состоит абсолютная истина, неминуемо приводят к необходимости веры и религиозного образования.

Современные психологи установили, что когда человек не знает смысла своего существования, то результатом этих постоянных поисков и мучений становятся серьёзные недуги. Огромный процент самоубийств, почти сто процентов наркомании, алкоголизма и значительная доля преступлений объясняются тем, что человеку не удалось найти смысл своей жизни. Постоянное чувство одиночества, отсутствие достаточного внимания со стороны родных и близких, друзей и коллег по работе заставляет многих прибегать к алкоголю, курению, наркотикам, предаваться распутству, и, в конечном счёте, всё это нередко заканчивается суицидом. Это результат отсутствия должных знаний о своей миссии в этой жизни и незнание смысла своего существования.

«Жажда — это лучшее доказательство существования воды», — сказал австрийский писатель Ф. Верфель (1890- 1945). Приводя эту замечательную мысль, известный современный психолог и психиатр В. Франкл, автор метода лечения неврозов нахождением смысла жизни, выдвигает два тезиса:

— смысл невозможно навязать тому, кто его ещё не нашёл, человек должен обрести его для себя сам.

— смысл не только может быть найден, но и должен быть найден. Как раз для этого Господь дал человеку разум, веру и совесть.

(Продолжение следует...)

**М.А. ЧУПАЛАЕВ.**

# Благодаря экстренной помощи…

Много пишут и рассказывают о людской доброте, об их душевной теплоте и благородных поступках. Наверное, Всевышний дает таким людям дар любви к ближнему и непоколебимую силу, чтобы в нужное время оказаться рядом с теми, кто нуждается в помощи. Так было и на этот раз.

30 ноября в с. Калининаул, отдыхавшую после суточного дежурства, Айшат Заидову разбудила мать. К нам прибежала дочь соседки Любови Потаповой и слезно просит спасти мать»-сказала она дочери.

Собираясь к ней, Айшат попросила брата вызвать скорую помощь. Больная была в крайне тяжелом состоянии. Понимая, что пока помощи ждать ниоткуда, Айшат принялась сделать все, чтобы поднять пульс и остановить кровотечение, а мать Айшат занялась новорожденным. После этого они приобрели в аптеке лекарства и оказали дальнейшую помощь больной. Вскоре подоспели местные акушеры и машина скорой помощи и больную повезли в ЦРБ района. Туда же срочно были приглашены и врачи Хасавюртовской ЦРБ. Совместный консилиум врачей решил вызвать помощь из республики. На санитарном вертолете больная была эвакуирована в республиканскую больницу. Благодаря вовремя оказанной помощи, жизнь матери шестерых детей и ребенка вне опасности.

Низкий поклон и спасибо всем тем, кто способствовал возрождению новой жизни и спасению матери.

*Жители с.Калининаул*

# Бергьенлъигун т1адюссаги!



19 сентябралда, **«Избирательное право и избирательный процесс»** ц1аралда гъоркь ва территориалияб рищиязул комиссиялъул х1аракаталдалъун, лъайкьеялъул учреждениябазул ч1ах1иял классазул ц1алдохъабазда гьоркьоб Дилим росулъ т1обит1араб олимпиадалда (районалъул этап) призалъулал бак1ал росана Ленинаул (№2 школа) ва Хубар росабазул ц1алдохъабаз.

10 декабралда т1обит1араб гьебго олимпиадаялъул регионалияб этапалда г1ахьаллъана-Темирхан Бияхъаев ( Гъозтала, 9 кл), Зайнап Хъирингишиева ( Ленинаул, СОШ №2, 10 кл) ва Хадижат Меджидова (Гуни, 11 кл). Районалъул этапалда призалъулаб бак1 босун бук1аниги, Хубар росулъа ц1алдохъан регионалияб этапалда г1ахьаллъич1о (унтун йик1иналъ), гьей хисана Х. Меджидовалъ.

Гьелъ (нухмалъулей Ш. К. Мах1алиева) жинда гьабураб божилъи рит1ухъ гьабуна ва бергьенлъи босана. Гьей г1ахьаллъизе йиго Москваялда т1обит1изе бугеб Т1олгороссиялъул этапалда.

**Гульнара МУХ1АМАДОВА, ИМЦялъул методист.**

*Архивалдаса*

# Пачаясул Ичк1аялдаса полковник

Николай пачаясул полковник Аджи-Мустафа Гlумаровасул лъади Гlумарова Папуйица 1874 соналъ гlарза хъвала Кавказалъул наместник Михаил Никалаевичасухеги, лъикl рагъулаб хъулухъ гьабиялъухъ жиндир росасе кьун букlанин Салатавиялъул **«Тегенек-Тау»** абураб бакlалда цо чанго десятина ракьалъул.

Гьанже дуде жиндир гьари бугин, Аджи-Мустафа Гlумаров гlумруялдаса ватlалъун вукlин хlисабалдеги босун, гьеб ракь гьесул наслабазе щолеблъун гьабеян.

Гьеб гlарза, Папуй Гlумаровалъул гьариялда рекъон, хъван буго Хасавюрталда вук1арав подпоручик Махти Кандауровас 1874 соналъул 27 апрелалда,

1874 соналъул 22 июналда Гlумаровалъул гьарияги къабул гьабун, гьелде тlадеги, Кавказалъул рекlаразул дивизиялъул бетlераб штабалъ хlукму гьабула гьелъиеги гьелъул васасеги Гъизляралъул казначействоялдасан 257 гъурущ щибаб лъаг1алие кьезеги.

Щивха кколев полковник Гlумаров?

Гьев гьавула Терск областалъул, Хасавюрт округалда бугеб Салатавиялъул Ичкlа росулъ.

Гьесул эмен Гlумар вукlуна Ичкlа росдада г1агарда 0,27 дес. гlезабураб 6 цlолбол ахалъулги кlиго дес. ц1ик1араб бецулеб бакlалъулги бетlергьан.

Мустафал эбел йикlуна Хубаралдаса.Гьелъул эбел- инсулги рукlуна гlатlидал ракьал.

Чанабилеб соналъ Мустафа гьавуравали лъаларо,лъала, l843 соналъ Салатавиялда рагъулал тунка-хlусиял ккарал заманалда гьев жеги лъимерлъун вукlараблъи.

Гьеб заманалда гьесул эбел - эмен гочуна Индиралде (Эндирей). Хадусан гьесул вацал: Гьамулатги Мухlамадги гочуна Янгъиюрт росулъе, Мустафа кьола Кадетазул корпусалде цlализе.

1847 соналъ гьес хъулухъ гьабула Нижегородалъул 17-аб. драгуназул полкалда. 1848 соналъ гьев гlахьаллъула Венгериялда ккарал лъугьа-бахъиназулъ,1853-1856 соназ Крымалда букlараб рагъда.

1862 соналъ Мустафае кьола майорасул чин ва гьев вукlуна рекlаразул эскадроналъул командирлъун, гlемер кватlичlого, гьесие щола полковникасул чинги.

1871 соналъ, лъади Папуйги цо васги нахъе тун, Мустафа гlумруялдаса ватlалъула. Хадусан гьев васасе кьола инсул цlар.

Папуйица гlумру гьабула Индиралда. Гьезул хадусеб къисмат лъаларо.

«Салатавиялъул тарих»-т1ехьалдаса босараб (140-146 гьум.)

**М.Г1. ЧУПАЛАЕВ**

*Инсан ва гIумру*

# ХIалал гьабула...

Рос къадаралде щун(мунагьал чураяв) кlиго лъагlел тlубараб заман бук1уна. Кьулгъу-алхlам гьабизе хlажатабщинаб босизе къватlире рахъуна эбелги васги. Гlедегlун уней эбелалда хадув вилълъунев васасда цо тукадул кlалтlа бичизе бараб, спортивияб ретlел бихьула.

-Эбел, дие цо тlажу босизе ккола. Дираб, накалдасаги хlулун, багьизехъин буго.

- Вай, дир вас, дихъ гlураб гlарац гьечlогури. Тlасияб моцlалъул харж бачlинегlан яхl гьабизе бегьуларищ?

-Кватlичlого гугариялъул къецал рукlине руго. Басрияб тlажуги ретlун, дун кинха вукlиневан абула къваридго васас.

- Васасда ракl гурхlарай эбел гьабизе кlолеб жоги гьечlого, ургъаликье ккола. Доб къоялъ эбелалъги васасги тукадаса хlажатабщинаб босула. Къайиялда аскlов васги тун, кlочон тараб босизе эбел цlидасан тукаде уна.

Васасда цевехун чlун вукlарав цо ригь арав чияс чвантиниса квербацl бахъулаго, гlарац гlодобе бортула. Бортараб гlарацги бихьичlого, дов гьеница нахъе унев вукlуна.

Васас гlарац босула ва херасда хадув векерула.

- Аци! Аци! Гьале дур гlарац.

- Кинаб гlарац? Киб бук1араб гlарацан виха-хочун лъугьуна гьев.

- Дуца чвантиниса квербацl бахъулаго бортараб гlарац буго гьаб.

- Мун лъил вас? Киса кколев? Цlар щиб дуда? Васас кинабго бицуна.

- Мун, гьитlинав вугониги, кlудияб яхlалъул унго-унгояв бихьинчи вукlун вуго. Баркала, дуе. Амма гьаб гlарац дуца босе. Гьаб буго Аллагьас дуе хъвараб рикъзиян абула гьес.

Вас нечон, багlарлъун вахъун, гlарцудаса инкар гьабизе лъугьуна.

- Дица дуе гьаб хlалал гьабула, дуего хlажатаб жо босе ян абулаго, гьес васасда къвал бала. Садакъалъун батагиянги абун, рохалил гьумерги цlун, ва т1адвуссуна.

Васас эбелалда ккараб-тараб бицуна. Эбел тамашалъун хутlула.

- Бихьулищ, эбел, гlарац гьеч1инги абун, мун ургъалъ йикlана. Аллагьас, нилъее кумек гьабун, дандчlвазавуна гьев лъикlав чи.

- Бихьула, дир вас,бихьула. Рецц Аллагьасе буго. Гьеб дуе хlалал гьабун буго дос.

- Дуе гьалъухъ тlажуни щибгурин, кlигогlаги спортивияб форма бачlина.

- Дие цо формаги гlела, эбел. Хутlараб дуего хlажаталъе те яги гурде босе. Чlегlераб гуребха, цо берцинаб гвангъараб кьералъулан абула васас. Аллагьасул цlобал гlатlидал руго.

**Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.**

# Ниж асир гьаруна



Лъималазул лъимал. Гьездаса хириял нилъерго лъималцин рук1унаро. Гьел рази ругони, гьимулел рихьани, нилъее рохел щола, гьел талих1ал рук1иналъ рек1ее парахалъи кьола. Дир руго 28 лъималазул лъимал ва 27 гьезулги лъимал.

Гьеб буго Т1адег1анас дие кьураб хазина. Гьез ч1аго гьабула херлъиялъ асирлъуде босараб дир г1умру, гьезул каламалъ рек1елъ бижинабула метерисеб къоялде хьул. Дир наслаби… Гьел т1аде рач1араб къоялъ бакъул кунч1ицин бат1ияб бук1уна дие, гьезул релъиялъ щибго к1оченабула,ургъелал нахъе росула.

Дие к1удияб рохеллъун бук1ана, 13 декабралда Дилим росдал **«Къункъра»** №3 лъималазул ахалде яч1араб къо.

Г1емерал соназул х1албихьи бугей тарбияч1ужу Равзанат Абуевалъул группаялда т1обит1улеб бук1ана **«Лъик1лъиялъул, адаб-х1урматалъул, рокьул ва рек1ел хинлъиялъул Къо»** к1одо гьабиялъул данделъи. Гьенире ах1ун рук1ана гьеб группаялъул лъималазул киналго к1одоулбул. Гьезда гьоркьой цо дун йик1ана к1иц1улго к1одоэбеллъун яхъарай г1адан. Берцинго къач1араб столалда лъун рук1ана дир зах1маталъухъ щварал шапакъаталгун суратал. Данделъи рагьана лъималазул ахалъе нухмалъулей Наида Абакаровалъул баркиялъулаб к1алъаялдалъун. Лъималаз рихьизаруна куч1дул ах1изе, кьурдаби гьаризе, гьединго, бат1и-бат1иял темабазда сценкаби х1азе ругел махщелал. Лъималазул цецерахъиназ ниж асир гьарулел рук1ана.

Бихьулаан щибаб номер, гьалат1 биччач1ого, т1убазабизе гьит1ич1аз бахъулеб бук1араб х1аракат. Гьеб ккола тарбиячаг1аз, рак1 унтун гьабулеб х1алт1ул х1асил. Гьит1ич1аз нижее х1адур гьарун ругоан жидерго кверальъ рахъарал суратал, гьединго, группаялъул тарбиячаг1азги нижее кьуна сайгъатал.

Дида абизе к1ола дир г1умруялда жаниб гьеб къоялъ г1адин дир рек1ее асар гьабурал тадбирал г1емер рук1инч1илан. Бихьулеб бук1ана данделъиялда г1ахьаллъарал цогидазул рак1азеги гьелъ к1удияб асар гьабулеб бук1ин.

К1алъазе рахъараз рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна тадбир г1уц1аразе ва лъималазе. Данделъи бачана группаялъул тарбияч1ужу Равзанат Абуевалъ.

**Уматай Х1АЖИЕВА, Зах1маталъул ветеран.**

*Юристасул малъи*

# Суал ва жаваб

«***Дун ккола Шамил районалдаса. Вацасул вас вуго лъимерлъудасаго сакъатав, гьесул сахлъиялъул иш лъик1 гьеч1о, моц1 бач1о Санкт-Петербургалдеги ун операция гьабуралдаса. Г1арцул рахъалдасан рес гьеч1ониги, цоги нухалда гьенивего ине кколев вуго. Пачалихъиял программабазда хъван бук1ана сакъатал лъималазе кумек гьабулин абун. Материалияб рахъалдасайищ гьеб кумек бук1унеб яги мина-рукъ кьунищ т1убазабулебали лъазе бокьилаан. Счеталда г1арац гьеч1инги абун (гьениб бук1ине кколеб раг1ула анкьнусазарго гъурущ), гьесие щвезе кколеб кумекалъулаб г1арац кьоларин абулеб буго. Лъимер-инвалид вугел чаг1и къвариг1аралъе х1алт1изабизе г1арац гьеч1ого рук1уна. Анкьнусазарго гъурущ кибха бук1инеб сакъатав чиясул карточкаялда? Бокьилаан гьелъул х!акъалъулъ мух1канаб жаваб лъазе***».

Гьеб суалалъе жаваб кьуна ДРялъул зах1маталъул ва социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул Министерствоялъул х1алт1ухъан Х1ажимух1амадова Сайхатица:

- 1995 соналъ къабул гьабураб **«О защите инвалидов»** абулеб №181 федералияб законалда рекъон, инвалидал абураб статус бук1уна 18 сон т1убазег1ан. Санаде рахарабго, инвалидлъиялъул группа ч1езабизе гьел ине ккола МСЭлде.

Санаде рахинег1ан лъимал-инвалидазе кьезе бихьизабун буго:

-Щибаб моц1алъул материалияб кумек - 1478,09 гъур. Щибаб соналъ гьелъул индексация гьабула.

-Щибаб моц1алъ бук1унеб социалиял хъулухъазул набор: 811,55 гъур. - дару, 1505,64 гъур. - санаториялде путевка, 116,04 гъур. - ч1обого жамг1ияб транспорталда рек1ине.

-2019 соналда щибаб моц1алъ кьолеб бищунго к1удияб социалияб пенсиялъул роцен бащалъана 12557 гъур.

Социалиял хъулухъазул наборалдаса инкар гьабизеги бегьула. Амма гьелъие г1оло 2019 соналъул т1оцебесеб октябрь щвелалде собесалде г1арза хъвазе ккола. Социалиял хъулухъазул наборалдаса инкар гьабуни, щибаб моц1алъул материалияб кумекалде т1аде 2527,06 гъурущ. бач1уна.

Лъимер-инвалидасда хадуб кидагосеб бербалагьи къвариг1унеб бугони, улбуз т1алаб гьабизе бегьула щибаб моц1алъ кьолеб пособие - 5500 гъурущ, хасгьабун ккурав чи вугони,- 1200 гъурущ.

Лъимал-инвалидазе школазда ва ясли-ахазда квен ч1обого кьола.

Гьединал лъималазул улбулги законалъ ц1унула:

-Жинцаго лъимер-инвалид хьи- хьулей эбел х1алт1удаса рехизе бе- гьуларо.

-Х1алт1улей эбелалъул ихтияр буго моц1ида жаниб ч1езабуралдаса т1адеги ункъо г1одобкъо босизе.

- Ихтияр буго къокъаб х!алт1ул къо яги анкь т1алаб гьабизе.

-Эбелалъул капиталалъул цо бут1а хвезабизе бегьула лъимер сахгьабиялда ва гьелъул сахлъи щула гьабиялда т1ад.

-Хъизаналъул ихтияр буго мина-рукъалъул шарт1ал лъик1лъизариялъул ва ракьул участка босиялъул иргаялда ч1езе.

Цоги, коммуналиял хъулухъазухъ унеб г1арцул 50 проценталъул бигьалъиги бук1уна. Кьураб г1арцул бащалъиги т1адбуссинабула.

Социалияб кумек х1исабалда, лъимал-инвалидал, экзаменалги кьун, баллазухъ балагьич1ого ва конкурс ц1ехеч1ого, цо нухалда ц1алул заведениязде росула.

«Счеталда г1арац гьеч1инги абун (гьениб бук1ине кколеб раг1ула анкьнусазарго гъурущ) гьесие щвезе кколеб кумекалъулаб г1арац кьоларин» абулеб жо ккола гьадингосеб хабар.

**"Х1акъикъат" газеталдаса босараб.**

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат № 110592 о среднем общем образовании , выданный в 1992 году Дылымской средней школой №2 на имя **Омарова Юсупа Даудовича,** считать недействительным.

## Г1абдулвадуд Гъазимух1амадович Шапиев



Г1абдулвадуд Гъазимух1амадович Шапиев гьавуна 1937 соналъ Алмахъ росулъ. 1956 соналъ гьев Советияб Армиялде ах1ана.1959 соналъ х1алт1изе лъугьана районалъул жанисел ишазул отделалде шофёрлъун. 1963-1968 соназ Г1абдулвадуд х1алт1ана рехсараб отделалъул к1удияв участковияв инспекторлъун, 1968-1978сс.- ГАИялъул начальниклъун,1978-1984сс.- паспортазул отделалъул начальниклъун.1984 соналъул июналда Г1. Шапиев х1алхьиялде ана.

1988 соналдаса гьев х1алт1улев вук1ана районалъул автошколалъул начальникасул заместительлъун.

Жинда т1адкъараб иш рак1бац1ц1ад, раг1а-ракьанде щун, т1убалаан Г1абдулвадудица. Г1адамал хириявлъун, гьелгун хабар бицине бажарулевлъун, т1аде рач1аразул хъулухъ т1убазе х1адуравлъун, ях1-намус ц1ик1к1аравлъун, сверухъ лъугьунеб бич1ч1уневлъун лъалаан нижеда Г1абдулвадуд. Гьелъие нуг1лъи гьабула гьезие щварал ц1аралгун шапакъатаз.

Гьев кколаан милициялъул мустах1икъав х1алт1ухъанлъун, **«Россиялъул МВДялъе-200 сон»**, **«Лъик1аб хъулухъалъухъ»**, **«Бац1ц1адаб хъулухъалъухъ»**, **«Рагъул тунка-х1усиязул г1ахьалчи»**, **«Т1адаб ишалъе рит1ухълъиялъухъ»** медалазул кавалерлъун. Гьединго, гьев мустах1икълъана Дагъистаналъул жанисел ишазул Министерствоялъул, районалъул отделалъул Х1урматалъул грамотабазе, Баркалаялъул кагътазе ва г1арцулал шапакъатазе.

Лъик1ав инсан,рак1бац1ц1адав х1алт1ухъан, унго-унгояв гьудул Г1абдулвадуд даималъ хут1ила нилъер рак1азулъ.

**Гьудул-гьалмагъзабазул къокъа.**

Спорт – инсанасул сахлъи

# Иргадулаб бергьенлъи

Дагьал церег1ан къояз Краснодар шагьаралда т1орит1арал **«GFC»** (бои без правил) лигаялъул турниралда нилъер ракьцояв, Дилималдаса Т1агьир Уланбековас, х1ухьел къот1изабулеб приемалдалъун, бергьенлъи босана Бразилиялдаса Денилсон Матосдада т1ад ва ц1унана жиндирго чемпионасул рачел.



Баркула Т1агьирида, гьесул эмен ва тренер Раджаб Уланбековасда гьеб бергьенлъи.

**Гьудул-гьалмагъзабазул къокъа.**

Инсан ва г1умру

# Мух1амаднабица дун сахлъизавуна

Дун вуго Ичк1а росулъа Мух1амад Мух1амадов. Рак1алдаго гьеч1ого, накуги унтун, вилъанхъизеги зах1малъун, дун хьвадана бат1и-бат1иял тохтурзабахъе. Гьез хъварал дарабазги щибго кумек гьабулеб бук1инч1о. Ахирги, дун гьелъул сурат бахъизе Хасавюрталде вит1ана. Гьебги босун, дун ана Мух1амаднаби Айгуповасухъе. Гьес, суратальул халги гьабун, дида абуна: **«Дур накуялде рец1ц1 ккун буго»**,-ян.

Гьебги бахъун, Мух1амаднабица дие дараби хьвана. Дагьаб заманалдасан дун гьесухъе ц1идасан ана ва Мух1амаднабица накуялдаса чороклъи нахъе бац1ц1ана. Гьелъул х1асилалда, дир унти т1убанго нахъе ана.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьоббкун, рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе гьев лъик1ав инсанасе.

**М. МУХ1АМАДОВ, Ичк1а росу.**

## Х1урматиял районцоял!

Ахиралде щолеб буго 2020 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания. Гьари буго нужер щивасде, рес рекъани, г1агараб **«Чапар»** газета хъвазе х1аракат бахъеян.

Багьа - 293 гъур.

**Х1урматгун редколлегия.**


*Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №356 Тираж 1100 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*